

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil pedaran dina bab IV, bisa dicindekkeun hal-hal saperti kieu.

- a) Kamampuh maca sajarah lokal siswa kelas VII-D SMP Kartika XIX-2 Kota Bandungsaméméh dilaksanakeun kagiatan diajar-ngajar ngagunakeun modél *snowball throwing* hasilna kurang nyugemakeun lantaran masih loba kénéh anu can mampuh maca sajarah lokal.
- b) Kamampuh maca sajarah lokal siswa kelas VII-D SMP Kartika XIX-2 Kota Bandungsabada dilaksanakeun kagiatan diajar-ngajar ngagunakeun modél *snowball throwing* hasilna cukup nyugemakeun lantaran jumlah siswa anu geus mampuh maca sajarah lokal ngaronjat.
- c) Aya béda anu signifikan antara hasil pratés jeung postés atawa kamampuh siswa dina maca sajarah lokal saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *snowball throwing*. Buktina aya béda anu signifikan, bisa katitén tina hasil uji hipotésis anu nuduhkeun yén $t_{itung}(12,28) > t_{tabel}(2,62)$.

Kacindekan di luhur bisa nuduhkeun yén h_a (hipotésis kerja) ditarima, nyaéta "aya béda anu signifikan antara hasil pratés siswa kelas VII-D SMP Kartika XIX-2 Kota Bandungsabada dibéré pangajaran maca sajarah lokal nu ngagunakeun modél *snowball throwing* jeung hasil postés siswa sabada dibéré pangajaran maca sajarah lokal nu ngagunakeun modél *snowball throwing*".

5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh maca sajarah lokal ngagunakeun modél *snowball throwing*, ieu ditétélakeun saran-saran.

- a) Modél pangajaran *snowball throwing* kaasup modél pangajaran anu épéktif dina prakna pangajaran maca, ku kituna disarankeun pikeun dipaké dina kagiatan diajar-ngajar, utamana dina pangajaran maca.

MIRA OKTAVIANA, 2014

Éféktivitas Modél Pangajaran Snowball Throwing Dina Pangajaran Maca Sajarah Lokal
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b) Guru basa Sunda dipalar parigel dina milih jeung nangtukeun modél, métode, jeung téhnik dina prakna diajar-ngajar sangkan siswa kapincut anu antukna bisa ningkatkeun préstasi siswa.
- c) Disarankeun sangkan ngagunakeun modél, métode, atawa téhnik pangajaran anu luyu jeung matéri anu baris ditepikeun atawa diajarkeun, sangkan siswa teu ngarasa bosen nalika diajar jeung kagiatan diajarna babari dina ngahontal tujuan anu geus ditangtukeun.

